



Randal J. Richardson

President

233 South Wacker Drive

Suite 8400

Chicago, IL 60606

May 3, 2021

Chè Kolèg Vi,

Depi plis pase yon lane, nou tout te fè anpil sakrifis pou anpil moun, kote nou t ap fè fas kare ak COVID-19 ak konpetans ak kouraj nou san rete. Nan non Ekip Jesyon Egzekitif ak Konsèy Administrasyon Vi la, mwen vle di nou yon gran mèsi pou kokennchenn angajman nou chak te montre pandan kokennchenn pandemi sa a. Epi malgre sa, nou dwe mande ou plis toujou.

Pou kwape pandemi sa a, nou bezwen itilize tout zouti prevansyon ki disponib pou nou yo. Selon CDC a, vaksen se youn nan pi bon zouti pou pwoteje santi ou ak anpeche maladi. Vaksen yo mache ak defans natirèl kò ou yo pou kò ou ka pare pou l konbat viris COVID-19 la si ou pran kontak ak li. Lòt mezi prevansyon, tankou mete yon mask ki kouvri nen ou ak bouch ou epi rete omwen 6 pye ak lòt moun ki pa viv nan menm kay ak ou, ede kwape COVID-19 tou. Etid yo montre vaksen COVID-19 la travay byen anpil pou anpeche ou pran COVID-19. Epitou, ekspè yo panse lè ou pran yon vaksen COVID-19 sa ka ede ou pa malad grav menm si ou pran COVID-19. Vaksen sa yo pa ka ba ou maladi a li menm.

Pandan vaksen ki rive yo se yon bon nouvell nan konba pou kwape COVID-19 la, se pa yon siy nou pral fini ak viris mòtèl sa a tousuit. Kòm moun k ap travay nan premye liy ak founisè swen pou moun ki gen plis risk pou yo pran COVID-19 yo, nou gen yon gwo obligasyon pou nou pwoteje sante ak byennèt rezidan nou yo ak manm ekip nou yo.

Ak kokennchenn responsablite sa a, kòmanse 1ye out, kòm yon kontinye pou w rete nan travay la, Vi pral egzije pou tout anplwaye nan kominote yo, moun ki gen kontra, ak anplwaye nan biwo Santral yo ki gen responsablite pou ale nan kominote Vi yo pran vaksen COVID-19 la.

An plis, kounye a Vi pral egzije pou tout anplwaye nan kominote yo, moun ki gen kontra, ak anplwaye nan biwo Santral yo ki gen responsablite pou ale nan kominote Vi yo pran vaksen grip sezon an anvan 30 novanm. Pandan plizyè regleman eta/lokal te deja egzije sa plizyè kote Vi ap opere, yo aksepte vaksen pou grip la kòm yon mwayen ki sensesòf epi ki efikas nan prevansyon plizyè milyon maladi ak plizyè milye vizit kay doktè ki gen rapò ak grip la chak ane.

Mwen swete chak grenn anplwaye Vi pral reponn apèl mwen epi pran vaksen an san pèdi tan. Si ou gen kesyon, enkyetid, oswa ou bezwen plis enfòmasyon pou kore nan demach pou pran desizyon ou an oswa si gen nenpòt sikonstans ki anpeche ou pran vaksen an, tanpri kontakte Depatman Resous Imèn ou an tousuit.

Pou Lasante,

Randy